*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№153 (26605)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 25 август – майрæмы мæйы 25 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 "МАМЫСОН"-ÆЙ
*Аивад, æрдз æмæ культурон бынтæ*

3 ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ
*Рухс уыдис йæ ном...*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**Партийы æмбырд**

## Ирыстойнаг делегаттæ – Мæскуыйы

**Республикæйы Сæргълæууæг, политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы цæгатирыстойнаг регионалон хайады секретарь Сергей МЕНЯЙЛО архайдта партийы XXIII съезды дыккаг къæпхæны æмбырды Мæскуыйы.**




Пленарон æмбырды раныхас кодта Уæрæсейы Федерацийы Президент **Владимир Путин** æмæ, фыццаджыдæр, уæрæсейæгтæн арфæ ракодта Уæрæсейы Тырысайы боны фæдыл. Президент куыд бафиппайдта, афтæмæй Уæрæсейы Тырыса, йемæ герб æмæ гимн, у национ символтæй иу.

– Нæ тырысаимæ нæ хъæбатыр хæстонтæ цæуынц размæ, бæрзонд æй сисынц, цы горæттæ æмæ хъæутæ ссæрибар кæнынц, уыдоны сæрмæ. Нæ тых ис фронт æмæ фæсчъылдымы иудзинады, нæ фыдæлтæ нын кæй балæвар кодтой, уыцы хæзнаты фидардзинады. Мах стæм иу адæм æмæ иумæ хæцдзыстæм нæ Райгуырæн зæххы сæрибарыл, нæ тырысайы сæраппонд, – загъта Владимир Путин.

Президент куыд бафиппайдта, афтæмæй æвзæрстытæ нæ бæстæ æмæ йæ политикон системæ нодж кæй фæфидар кæндзысты, не знæгты ныхмæ фидар фæлæууынæн ахъаз кæй уыдзысты, стæй, милуангай уæрæсейаг адæмтæ сæ иумæйаг хъуыды кæй раввдисдзысты, уый гуырысхойаг нæу.

– Хицаудзинад сты адæм. Æмæ Конституцимæ гæсгæ сын ис сæ минæвæртты æвзарын æмæ паддзахады дарддæры рæзты нысантæ бæлвырд кæныны бар. Уымæ гæсгæ, не стыр бæстæйы алы ран дæр – Дард Скæсæнæй Новороссимæ æмæ Донбасмæ – алы къæпхæны æвзæрстытæ дæр арæзт æрцæудзысты. Архайдзысты дзы, хæстæн йæ тæккæ фыццаг хаххы чи хæцы, нæ уыцы æфсæддонтæ дæр. Уымæ гæсгæ, Паддзахадон Думæмæ сентябры æвзæрст чи æрцæудзæн, уыцы депутаттыл æвæрд цæуы стыр хæс. Съезд абон кæуыл ныхас кæндзæн, стæй кæй фидар кæндзæн, уыцы адæмон программæ у стыр æмæ ахъаззаг куысты фæстиуæг. Адæм æм бахастой сæ фæндæттæ æмæ уынаффæтæ. Уый амоны, парти уыцы программæйы алы рæнхъыл дæр дзуапп кæй дæтдзæн, аргъ та йын кæй кæндзысты æвзарджытæ, – загъта Президент.

Йæ раныхасы фæстæ Владимир Путин арфæ ракодта Сергей Меняйлойæн йæ райгуырæн боны фæдыл.

Съезды æмбырды фæдыл йæ хъуыды загъта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг:

– Программæйы амынд сты авд сæйраг фæзилæны. Нæ республикæйæн се 'ппæт сты ахсджиаг: демографи æмæ æххуыс сывæллонджын бинонтæн, ахуырад, экономикæйы рæзт, историон рæстдзинад хъахъхъæнын, фæсивæды патриотон хъомылад, æххуыс сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн, нæ бæстæйы æдасдзинад бахъахъхъæнын. Ныр алы нысаны фæдыл дæр хъæуы нæ хæстæ сбæлвырд кæнын.

«Иугонд Уæрæсе»-йы XXIII съезды дыккаг къæпхæны куысты архайдтой не 'ппæт бæстæйы æртæ мин делегаты: сæрмагонд æфсæддон операцийы Хъæбатыртæ, алы æмвæзадты депутаттæ, сенатортæ, регионты разамонджытæ, эксперттæ.

Цæгат Ирыстоны делегацийы уæнгтæ уыдысты VII равзæрст Паддзахадон Думæйы депутаттæ **Таймазты Артур** æмæ **Мæхъиты Зураб**, нæ республикæйы Хицауады Сæрдары фыццаг хæдивæг **Атарты Георги**, республикæйы Парламенты Сæрдар, «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон æхсæнадон исæнуаты разамонæг **Тускъаты Таймураз**, партийы регионалон хайады секретары фыццаг хæдивæг **Едзойты Марат**, «Иугонд Уæрæсе»-йы Сæйраг советы уæнг, Уæрæсейы Хъæбатыр **Абайты Юри**, стæй партийы регионалон конференцийы æвзæрст минæвæрттæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Августаг æмбырд**

## Нæ фидæн райдайы абон...

**Ног ахуыры азы агъоммæ республикæйы ахуыргæнджытæ, хъомылгæнджытæ сæмбырд сты августаг æмбырдмæ. Сывæллæтты сфæлдыстадон республикон галуаны ахуыргæнджытæ, хъомылгæнджытæ рæгъмæ рахастой ахсджиаг ныхас.**




Августаг æмбырды архайдтой Уæрæсейы рухсады министр **Сергей Кравцов**, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз**, республикæйы ахуырады ведомствæйы разамонæг **Алыбегты Эллæ**, æндæр бæрнон адæймæгтæ. Цалынмæ æмбырд нæма райдыдта, уæдмæ Сывæллæтты сфæлдыстадон галуаны æрбацæуæг адæм базонгæ сты республикæйы профилон кълæсты архайдимæ.

Уый фæстæ æрбацæуæг адæмы раз раныхас кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй августаг æмбырды ныхас фæцæуы æрмæст ног ахуыры азы тыххæй нæ, фæлæ нæ республикæ дæс, ссæдз, æртын азы фæстæ цавæр уыдзæн, ууыл. «Нæ фидæн кæмдæр, дард ран, нæ райдайы, фæлæ абон, скъолайы кълась, рæвдауæндоны, колледжы æрмадзы, къорды ахуырты», – загъта республикæйы разамонæг.

Сергей Меняйло бузныджы ныхæстæ загъта ахуыргæнджытæн, уыдон æрвылбон алы сывæллоны уды æвæрынц æууæнк, зонындзинæдтæ тауынц сæ зæрдæты, зонды. Ахæм адæймагдзинад ницавæр технологитæй баивæн ис. «Мах хъуамæ ахуыргæнæгæн саразæм æппæт фадæттæ, æххуысы мадзæлттæ, нырыккон скъолатæ, рæвдауæндæттæ. Кæд нæ тыхджын республикæ хъæуы, уæд алы бон дæр хъуамæ скъола фидардæр кæнæм», – загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æрдзырдта национ проекттæ, паддзахадон программæты тыххæй, скъоламæ, æндæр ахуыргæнæндæттæм паддзахадон цæстæй акæсыны фадæттыл. Бæстон æрлæууыд скъоладзаутæн лæвар хъарм хæринаг дæттыны уавæрыл, уымæн ацы аз лæвæрд æрцæудзæн 820 милуан сомы. Ныхас бацахста гранттæ исыны хъуыддаг. Гранттæн сæ фылдæр хай лæвæрд цæуы хъомылгæнджытæн, ахуыргæнджытæн баххуысы хуызы...

Æрыгон ахуыргæнджытæн сæ мыздмæ цавæр материалон æххуыс лæвæрд цæуы, ууыл дæр ныхас рауад. Уæдæ фæлтæрдджын ахуыргæнджытæ, хъомылгæнджытæ исынц уæлæмхасæн 5-7 мин сомы, уæлдай æххуысхъуаг сывæллæттимæ кусæг психологтæ, æндæр специалисттæ – 15 мин сомы.

Августаг æмбырды рауад бирæвæрсыг ныхас педагогты, хъомылгæнджыты куысты тыххæй, рæгъмæ рахастæуыд нысантæ, хæстæ.

**РЦИ-Аланийы**
**Ахуырад æмæ наукæйы**
**министрады**
**пресс-службæ**


Къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА

**Æфсæддон автомобилон инспекцийы бон**

## Хæстарыд фæндæгтыл

**26 августы нæ бæстæ сбæрæг кæндзæн Æфсæддон автомобилон инспекцийы равзæрды бон. Уæд, 1942 азы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты æппæты уæззаудæр бонтæй иуы, Сырх æфсады автомобилон æмæ фæндаггон службæйы Сæйраг управлени бардзырд ратта Æфсæддон автомобилон инспекцийы историйы райдианæн. Иугонд æрцыдысты, автомобилон фæндæгтæ, фæндаггон-комендантон службæ æмæ инспекторон куыстыл дзуапп чи лæвæрдта, ахæм дæлхайæдтæ.**






Афтæ фæзындис структурæ, йæ нысантæ та уыдысты, æфсæддон транспорты æдасдзинады цыд. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты автомобилон транспортæн стыр ахадындзинад уыдис фронты. Æфсæддон фæндæгтыл цыдысты колоннæтæ хæцæнгарз, хойраг, артаг æмæ хæстонтимæ. Техникæйы æнæкъуылымпы цыд, фæндæгты уавæр æмæ афойнадыл сæ бынæттыл сæмбæлынæй аразгæ уыд æфсæддон хæйттæ хæцæнгарз æмæ хойрагæй сифтонг кæныны мадзалы. Æфсæддон автоинспектортæ æмæ фæндаггон службæйы специалисттæ сæ цæст дардтой æфсæддон транспорты цыдмæ, архайдтой маршруттæ аразыны æмæ æфсæддон коммуникациты фæтк æвæрыны хъуыддæгты. Фронты уавæрты уый хуымæтæг куыст нæ уыдис, фæлæ æфсады хъомысæн ахъаззаджы æххуыс.

Хæсты фæстæ автомобилон инспекцийы ахадындзинад дарддæр дæр рæзтис. 1945 азы уынаффæ рахастой, гарнизонты æнæштатон æфсæддон автомобилон инспекцитæ саразыны фæдыл. Рæстæгимæ сæ хæстæ æмæ нысантæ уæрæхдæр кодтой, йæхæдæг системæ та Советон Цæдисы Гæрзифтонг тыхты æмæ æфæддон автомобилон техникæйы сконды ногдæр. Хæсты рæстæджы бындурæвæрд традицитæ абон дæр дарддæр цæрынц. Æфсæддон автомобилон инспекци у Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæ æмæ системон æфсæддон пъæлицæйы иу хай. Йæ специалисттæ сæ цæст дарынц фæндæгтыл æфсæддон техникæйы æдасдзинад æмæ техникæйы куысты нывыладмæ, архайынц æфсæддон колоннæты цыды организацион фарстаты.

Уæлдай стырдæр ахадындзинад ацы куыстæн фæцис, сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд. Æфсæддон автоинспектортæ вазыгджын уавæрты сæ хæстæ æххæст кæнынц, æфсæддон техникæйы цыды æмæ, «личный состав» кæй хонынц, уыцы хæйтты æдасдзинады фарстаты. Нырыккон уавæртæ æфсæддонтæй канд бæрзонд дæсныйады цæттæдзинад нæ домынц, фæлæ стыр бæрнондзинад, æхсардзинад, цавæрфæнды æфсæддон хæстæ æххæст кæнынмæ сæрæн уæвыны миниуджытæ. Æфсæддон автоинспекторты куысты тыххæй сæрмагонд æфсæддон операцийы зонæйæ сæрмагонд информацион хъусынгæнинæгтæ цæуынц.

84 азы дæргъы Æфсæддон автомобилон инспекци ссис нæ бæстæйы Гæрзифтонг тыхты историйы иу хай. Ивд цыдис техникæ, ногдæр кодтой фæндæгтæ, цæстдарды мадзæлттæ, фæлæ æнæивдæй баззад æфсæддон транспорты цыды æдасдзинады фарста.

26 августы хуымæтæг бон нæу къæлиндары. Уый у, структурæйы бындурæвæрды йæ сæргъы чи лæууыдис, уыдоны нæмттæ æрымысыны бон, ветерантæ æмæ æфсæддонтæн, абон дæр йе 'фсæддон хæс дарддæр чи æххæст кæны, уыдонæн кад скæныны бон. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фронты фæндæгтæй абоны сæрмагонд æфсæддон операцийы маршруты онг дæр Æфсæддон автомобилон инспекци у сæ æдасдзинады вазыгджын системæ.

**Хуссайраг зылды**
**автоинспекцийы**
**пресс-службæ**

### Дзырды фарн

***Цæуæнты сымах цæут,***
***хæтæнты сымах хæтут,***
***хабæрттæй та мах фæрсут.***

*ÆМБИСОНД*

«Мамысон»-æй

# Аивад, æрдз æмæ культурон бынтæ



**Хæххон курорт «Мамысон»-ы кадджын уавæры байгом арт-фестиваль «Лисри». Туристон комплекс ныр дыккаг хатт ссис, нырыккон аивад, æрдз æмæ регионы культурон бынтæ кæрæдзиуыл кæм æмбæлынц, ахæм сфæлдыстадон фæзуат.**

Хъуыддаджы архайдтой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, «Кавказ.УФ»-йы генералон директор **Андрей Юмшанов**, Дзæуджыхъæуккаг æмæ Алайнаг архиепископ **Герасим**, экономикон рæзты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Олег Быкадоров**. Æртæ боны дæргъы курорты фæзуæттæ дзаг уыдысты дзыллæтæй, изæрыгæтты рухс æмæ музыкæйæ ифтонгæй Лисрийы рагон мæсгуытæ сæ цыт равдыстой.

Сфæлдыстадæн аргъгæнджытæ байхъуыстой ирон зарæггæнджыты къорд «Ragon Bal», уый фæстæ та уыдис рухсæй ифтонггонд равдыст. «Мамысон»-ы байгом кодтой дыууæ равдысты, сæ иуы – фыдыбæстаг скульптор **Соскъиты Владимиры** куыстытæ. Уыдон саив кодтой рæтæнæй фæндаг «Зæрæмæг»-ы фæхстæ æмæ курорты фæз. Дыккаг равдысты та равæрдтой нæ бæстæйы æрыгон нывгæнджыты куыстытæ. Уыдон ма «Мамысон»-ы фыццаг арт-фестивалы дæр архайдтой. Ныр рæгъмæ рахастой нæ диссаджы æрдз æвдисæг нывтæ.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй курорт «Мамысон» Цæгат Ирыстонæн у йæ сæйрагдæр фæлладуадзæн бынæттæй иу. Тынг бирæ хъару æмæ фæрæзтæ домдта, ныр дæр ма куыст цæуы. «Ацы фестиваль æвдисы, «Мамысон»-ы фæзуæтты кæй æмбæлынц æрдз, аивад æмæ культурон бынтæ. Уый æхсызгон у уазджытæн, нæ цæрджытæн. Æрыгон нывгæнджыты куыстытæ дарддæр абалц кæндзысты нæ бæстæйы горæттæм, Цæгат Ирыстон фылдæр адæм базондзысты», – загъта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар.



СОСКЪИТЫ Владимиры конд скульптурæ

«Кавказ.УФ»-йы генералон директор Андрей Юмшанов куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй бæллынц, цæмæй «Мамысон»-мæ 'рбацæуæг алы адæймаг дæр ацы ран йæ курдиат райхала. «Уымæ гæсгæ 'рбахуыдтам, дуне удæй чи 'нкъары, сфæлдыстады руаджы уæлмонцтæ чи парахат кæны, ахæм адæймæгтæ – нывгæнджыты», – загъта генералон директор.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**




Хицауады æмбырд

# Артаджы аргъ æнæзакъонæй хъуамæ уæлæмæ ма цæуа...

**Сергей МЕНЯЙЛО дзы разамынд лæвæрдта, афтæмæй уыд республикæйы Хицауады радон æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ ныхас кодтой республикæйы æдасдзинад æмæ социалон-экономикон цардимæ баст фарстатыл.**

Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр.

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы æвирхъау цаутæ бæрæггонд не 'рцыд. Зынгсирвæзтытæй тæссагдзинадæн лæвæрд æрцыд 4-æм къæпхæн. Уый тыххæй республикæйы фондз районы: Мæздæджы, Рахизфарсы, Алагиры, Горæтгæрон, Кировы æмæ 26 хъæуы æххæстгонд цæуы сæрмагонд уавæр. 17 августæй 23 августмæ ахуыссын кæнын бантыст 46 зынгсирвæзты. Хъыгдард дзы ничи баййæфта. Регионы сæрмагонд службæтæ архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæрты. Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 102 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард дзы баййæфтой 14 адæймаджы, дыууæ адæймаджы та дзы фæмард сты. Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтæ гом сты æппæт автотранспорты хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл электронон рады æнхъæлмæ кæсынц 52 машинæйы. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæныл уæлдæр амынд рæстæгмæ дыууæрдæм ахызтысты 36 мин автотранспортон иуæджы æмæ 113 мин адæймаджы, – загъта Томайы-фырт.



Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы ахуыссын кæнын бантыст 46 зынгсирвæзты. Уыдонæй 29 – хус кæрдæг сыгъд, 7 та – бырондæттæ. Хус кæрдæгыл арт кæй бандзæрстой, уый тыххæй закъоны раз дзуапп ратдзысты 6 адæймаджы.

Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрад куыд фехъусын кодта, афтæмæй 17 августæй 23 августмæ регионы 'рцыд 137 фыдракæнды. Раргом кæнын дзы бантыст 69 æмæ ма, раздæр чи 'рцыд, 6 ахæм фыдракæнды.

«Роспотребнадзор»-ы регионалон хайад фехъусын кодта, республикæйы эпидемиологион уавæр нывыл кæй у, уый. Тъæнгты хæцгæ низтæй рынчынты нымæц, æрвылаз сæрдыгон эпидемиологион бæрæггæнæнтимæ абаргæйæ, фæныллæгдæр 16 проценты онг. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци бæрæггонд не 'рцыд.

РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы æппæт астæуккаг ахуырадон скъолатæ дæр цæттæ сты ног ахуыры азмæ. Ног ахуыргæнæн чингуытæ уæрст цæуынц скъолатыл, – фехъусын кодта министрады минæвар.

РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур** куыд загъта, афтæмæй ивгъуыд къуыри бензин нæ республикæмæ 'фтыд къуылымпытимæ.

Сергей Меняйло Хъараты Тимурæн бафæдзæхста, цæмæй карз цæстдард цæуа артаджы æргътæм.

– Газы æргътыл дæр бафтыд. Нырма, иннæ регионтимæ абаргæйæ, ныллæгдæр сты, фæлæ сыл уæддæр æфтауын нæ хъæуы. Уыимæ, 92 бензины аргъ хъуамæ фæкъаддæр уыдаид, – загъта республикæйы разамонæг.

Сергей Меняйло «ФАС» æмæ РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министрадæн бафæдзæхста æрзилын артагæвгæнæн станцæтыл æмæ, æнæзакъонæй æргътыл чи 'фтауы, уыдон сбæрæг кæнын.

Хъараты Тимур ма фехъусын кодта, зымæджы хъармгæнæн рæстæгмæ коммуналон хæдзарады объекттæ 75 проценты бæрц цæттæ кæй сты, уый. Ноджы кæронмæ фæхæццæ кæны Беслæны мемориалон комплекс «Древо жизни»-йы цалцæг.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Социалон фарстатæ

# Семинар сарæзтой

**Сæрмагонд æфсæддон операцийы ветерантæ æмæ сæ бинойнæгтимæ чи кусы, Дзæуджыхъæуы æрбынæттонуæвæг Национ наукон библиотекæйы уыд социалон службæты ахæм кусджытæн Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг семинар.**



Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвары аппарат Цæгат Кавказы федералон зылды æмæ Цæгат Ирыстоны Хицауады æххуысæй бæстæйы æхсæнад «Зонындзинад» фадæттæ кæмæн сарæзта, уыцы дзыллон мадзалы архайдтой 150 специалисты бæрц.

– Сæрмагонд операцийы ветерантæ æмæ сæ бинойнæгтæн æххуыс нымад у регионы ахсджиагдæр хъуыддæгтæй иуыл. Куыст бынаты нывыл уагæй цæмæй цæуа, мах кæй сарæзтам, ахæм семинартæ уымæнты лекцитæ, амыдтой сын тренингтæ æмæ мастер-класстæ.

Æмбырды архайджыты раз раныхас кодтой æхсæнад «Зонындзинад»-ы лектортæ: Стъараполы крайы Æхсæнадон палатæйы туризмы къамисы сæрдар **Сергей Владимиров**, клиникон психолог, Уæрæсейы Ахуырады системæйы психологион-педагогон æххуысы райрæзты федералон цæстдарæн центры разамонæджы хæдивæг **Анна Ермолаева**, клиникон психолог **Юлия Елизарова** æмæ Сахуыруæвæн зондахасты институты бындурæвæрæг **Валерий Гут.**

Семинары архайдтой социалон хъахъхъæнынады оргæнты, муниципалон иугæндты, æфсæддон комиссарадты, фонд «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ»-йы, Фыдыбæстæйы æфсæддонты бинойнæгты комитеты, ветеранты организациты,



ахъаз кæнынц. Зындзинæдтæ чи бавзæрста, не специалисттæ ахæм адæмимæ кусынц. Ныры хуызæн семинарты фæрцы нæ кусджытæм ног зонындзинæдтæ æмæ уæлæмхасæн фæлтæрддзинад фæзынынц. Ведомствæты 'хсæн æмгуыстадæн стыр ахадындзинад кæй ис, уый уынæм. Семинартæ пайдайаг кæй уыдзысты, уый мæ уырны, – семинар гомгæнгæйæ, загъта Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг **Александр Реутов.**

Сентябры кæронмæ Цæгат Кавказы федералон зылды æппæт регионты чи ацæудзæн, уыцы семинартæ дихгонд сты мæнæ ахæм хайæдтыл: ведомствæты 'хсæн æмгуыстад фидар кæнын, специалистты равг бахъахъхъæнын, стæй ветерантæ æмæ сæ бинойнæгтæн психологион æххуыс кæнын.

Семинары архайджытæн бакастысадæмæн куыстдæттæг центртæ æмæ ахуыргæнæндæтты разамонджытæ æмæ специалисттæ.

Паддзахадон службæгæнджытæ бæстæйы истори æмæ экономикæйы, стæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы тыххæй цæмæй фылдæр хабæрттæ зоной, уымæ арæзт чи у, семинартæ цæуынц ахæм рухстауæн проект «Зонындзинад. Паддзахад»-мæ гæсгæ.

**Мария ТЕПЛИНСКАЯ**

Газеткæсджытæ фæрсынц

# Майрæмы куадзæн

**МАЙРÆМЫ КУАДЗÆН** — ирон адæм мингай азты кувынц Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцаумæ. Нæ дины Иунæг Цытджын Хуыцаумæ кувыны фæтк Библийы динæй раздæр ныффидар. Нæ фыдæлтæ, æвæццæгæн, чырыстон æмæ пысылмон динтæм дæр уæлæнгай цæстæй уымæн акастысты — нæ сæ райстой, сæхион сæм растдæр фæкаст. Уыдон сын цы амыдтой, уый сæхимæ рагæй уыд. Уымæй дæр арфдæр æмæ мидисджындæрæй. Уый хыгъд сыл, Хуыцаумæ нывыл кувын цы адæмтæ нæ зыдтой, уыдон фæхæлоф кодтой.

Майрæмы куадзæн ирон адæммæ уæлдай тынгдæр бæрæг кæнынц ног мæрдджын бинонтæ, йæ бонмæ азы дæргъы зиан кæуыл æрцыд, уыдон, æмæ йæ сæйраг нысан у, Зæрдæвæрæнæй фæстæмæ цыдæриддæр дыргъ, гагадыргъ, халсар фæзынд, уыдон мардæн ныххæлар кæнын. Уæдмæ дзы-иу ног мæрдджынтæ сæ дзыхы дæр никуы акодтой, стæй-иу дыууæ къуырийы та ком дардтой. Æмæ-иу Майрæмы куадзæны сæ ком суагътой. Куадзæн — комуадзæн дæр æй уымæн хонынц.

Уымæй уæлдай ма Майрæмы куадзæны фынгыл ныххæлар кæнынмæ æрæвæрынц дыгай уæливыхтæ: хæбизджынтæ, цæхæраджынтæ, къабускаджынтæ, хъæдурджынтæ, дыргъ æмæ халсаримæ баст æндæр уæливыхтæ. Йæ фадат кæмæн амоны, уый акæны далыс кусарт, иннæтæ сфыцынц æмæ æрæвæрынц фыдызгъæл къуыдырфыхæй. Фынгыл вæййы адджинæгтæ æмæ алыхуызон нозтытæ. Мардæн сæ ныххæлар кæнынц сыхы æмæ мыггаджы хистæртæй дыууæ кæнæ цыппар лæджы. Уый фæстæ сæ фынгтыл равæрынц: нæлгоймæгтæн æмæ сылгоймæгтæн хицæнтæй.

Майрæмы куадзæны фынджыдзагæй уæлмæрдмæ нæ хæссынц. Уый размæ йæм базилынц, бафснайынц æй. Зæрдæвæрæны фæдтæ йыл куыд нæ зыной, афтæ. Марды кæндты иу æгъдауæй иннæмæ марды уæлмæрд хъуамæ цæуа сыгъдæггонд, цæмæй быроны бын ма кæна. Уый тыххæй алы уæлмæрды дæр фæсвæд ран ис бырондон. Майрæмы куадзæны архайджытæ сабатизæртау фылдæр вæййынц сылгоймæгтæ. Хуымæтæджы нæ баззад ахæм ныхас: «Майрæмы куадзæны — сылгоймаг кувæг».

Зианы хъуыддæгты кувгæ нæ, фæдзæхсгæ æмæ рухсагтæ фæкæнынц, фæлæ ацы бон ныййарджытæ, æвæццæгæн, сæ цотыл аудæг Мады зæд, Мады-Майрæмæй фæкурынц хорздзинад мардæн æмæ сæхицæн дæр. Зæронд мæрдтæн та фынджыдзаг скæнынц Майрæмы куадзæны хæдфæстæ сабаты — дыккаг бон.

# Марды райгуырæн бон

**МАРДЫ РАЙГУЫРÆН БОН** — мардæн ис æрмæстдæр мысæн бонтæ. Уыдонæй иу у йæ райгуырæн бон дæр, æмæ йын уæд дæр хъæуы рухс кæнын. Рухс та кæнæм дыууæ чъирийæ — кæрдзынæй. Стыр лæгты райгуырæн бонтæ куы фæбæрæг кæнæм, зæгъæм, Къостайы райгуырæн бон, уæд йæ цæрæнбоны тыххæй сидт дæр рауадзынц, ома, йæ фарн, йæ ном, йæ намысæн бирæ цæрæнбон уæд, ирон адæмы хъомысæн фылдæр ахъаз уæнт. Марды райгуырæн боны фæдыл адæмы ʻхсæн цæуы ахæм хъуыды, марды æгъдауыл, дам, ын æй куы нæ сбæрæг кæнынц, уæд ыл иннæ мæрдтæ сæхи атигъ кæнынц, дæуæн ма цæй райгуырæн бон ис, дæ мæлæн бон у сæйрагдæр, мæнг дунейæ дæ чи фервæзын кодта. Нæ зонын, цас раст у ацы ныхас, Мæрдты бæстæй ничима æрыздæхт. Фæлæ адæмы ʻхсæн ахæм хъуыды кæй фæзынд, уый хуымæтæджы нæу. Мæрдтæ удæгæстæм рацæуынц сæ фынты æмæ сын сæ зæгъинæгтæ фæзæгъынц.

# Нæфæтчиаг

**Нæфæтчиаг** — табуйаг, Стыр Хуыцауы, Йе сконд зæдтæ æмæ дауджыты номимæ цыдæриддæр баст ис, уый у нæфæтчиаг. Кувæндæтты бын, мысайнæгты цур хи уæгъдæй, æнæуагæй, æнæгъдауæй дарын, хъæр кæнын нæ фæтчы. Дзуары номыл цы хойраг скæнай, фыдызгъæл сфыцай, уымæй куыйтæн, гæдытæн дæттын нæ фæтчы. Бынаты хицауы æхсæвы фынгæй æцæгæлонæн хæрын нæ фæтчы, хæдзары, сыхы сылгоймаджы хъæлæба нæ фæтчы — бæркад сафы, æмæ афтæ дарддæр.

# Намыс

**НАМЫС** — адæймагæн йæ цард-цæрæнбонты йæ къухы хорзæй бакæнын цы бафтыд, адæмы ʻхсæн йæхицæн кад æмæ ном цы рæстаг, арфæйаг хъуыддæгтæй скодта, уыдоны фæрцы йæм æрцæуы намыс. «Уый фесты ном, дунейы фарн ыл бафты», — фыста Хостыхъоты Зинæ намысы тыххæй. Адæймаг адæмы ʻхсæн йæхицæн цы ном скæны, йæ фæсвæд ын куыд аргъ кæнынц, уымæ гæсгæ у йæ намыс. Намыс у адæймагæн йæ мидтæрхонгæнæг дæр.

Номдзыд Абаци, дам, æнæнхъæлæджы куы фæрасыг, уæд йæ кæстæртæн афтæ фæдзæхста: «Расыг худинаг цы бæстæйы нæу, уырдæм мæ фæхæссут. Ирон хъæумæ мæ ма бахæссут — худинаджы зарæг мыл скæндзысты». Намыс кæмæ нæй, уый кæнгæ митæй фæцард, æрмæст йæхиуыл хъуыды кæнгæйæ. Кæд йæхи хорзæй æвдисыныл архайдта, уæддæр адæмы цæст уынаг у, сæ зæрдæтæ — æнкъарæг, æмæ уыдонмæ фæндаг не ссардта. Кæд бæрнон бынаты фæбадт, уæддæр ын кад нæ кæнынц, йæ архайд цæсты нæ ахады, уымæн æмæ йыл не ʻууæндынц, сæхиуыл æй нæ нымайынц. Намысæн та æнæнымад адæймаг æцæгæлон у. Ахæм адæймагмæ, йæ зылын хъуыддæгты дзы дзуапп чи бадома, ахæм æнкъарæн дæр нæй. Намыс у, адæймаг йæ цардвæндагыл йе ʻккой, йæ рифтаджы цы хæзна хæссы, адæм æй хорзæй цæмæй базыдтой, кад, аргъ, æгъдау ын цæмæ гæсгæ кæнынц, уый.

**ЦГЪОЙТЫ Хазбийы**
**чиныг «Ирон мифологи æмæ цардыуаджы дзырдуат»-æй**

Историйы сыфтæ

# Рухс уыдис йæ ном, йæ хъуыддæгтæ та – ирддæр

**23 июлы 120 азы сæххæст, рухс дуне фыццаг ирон газет куы федта, уыцы боныл. Уый кадæн нæ республикæйы Журналистты цæдис бындур сæвæрдта ног мадзалæн – «Журналист года», зæгъгæ, конкурсæн. Ацы аз конкурс ацыд фыццаг хатт æмæ арæзт цыдис «Фыццаг ирон газет»-ы кадæн, уымæн æмæ ацы мыхуыры фæрæз сæвæрдта бындур æмæ райдыдта йæ фæндаг нæ республикæйы журналистикæйæн.**



Ирон мадæлон æвзаджы хъысмæтыл сагъæс кодтой Ирыстоны интеллигенцийы раззагдæр минæвæрттæ. Нæ наци, культурæ æмæ æгъдæутты фидæныл уыдис сæ катай, сæ мæт. 1906 азы мыхуыры рацыд фыццаг ирон газет. Йæ редактор та уыдис Ирыстоны иузæрдион хъæбултæй иу, йæ адæмы фарныл зæрдæйы арфæй чи хъуыды кодта, ирондзинад, ирон æвзаджы мыртæ дæрдтыл цæмæй зæлой, ууыл чи архайдта, ахæм Хуыцауы сконд лæг – Бутаты Савелийы фырт Аслæнбег. Аслæнбеджы хъысмæт уæззау уыдис. Цæргæбонты дзы паддзахы фæсдзæуинтæ сæ цæст нæ айстой, йæ фæдыл зылдысты æмæ та-иу æй хъæуа-нæ хъæуа æрцахстой. Иугæр адæймаг сæ ахæсты иу хатт бахауд, уæд-иу æй нал суæгъд кодтой. Иудадзыг ын йæ «быны арт æндзæрстой», æфсæнттæ агуырдтой йе ʻрцахсынæн. Афтæ рауад Бутаты Аслæнбеджы цард дæр.

Аслæнбег райгуырд Алагиры Салыгæрдæны 1878 азы мæгуыр бинонты ʻхсæн. Савелийæн уыдис аст сывæллоны – фондз лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Æмæ кæд уæззау, мæгуыр уавæрты хъомыл кодтой, уæддæр сæ алчидæр каст фæци уæлдæр скъола. Аслæнбег зæнæджы хистæр уыд æмæ дины приходы скъола каст фæуыны фæстæ дарддæр ахуырмæ бацыд Æрыдоны дины семинармæ. Ацы ахуырады артдзæст уыдис, Ирыстоны æрыгон фæсивæдæй бæрзонд зонындзинæдтæм чи бæллыд, уыдоны иумæйаг рухсады хæдзар. 1897 азы семинары фæстæ Аслæнбег кæнæ аргъуаны сауджынæй куыстаид, кæнæ та – скъолайы ахуыргæнæгæй, æмæ равзæрста ахуыргæнæджы куыст. Райдыдта кусын Салыгæрдæны. Хъæууон ахуыргæнæгмæ фаг нæ фæкаст йæ ахуырад æмæ фæсаууоны бацыд университетмæ. Йæ фыццаг семестры тыххæй Савели ауæй кодта йæ хъуг, фæлæ йын уыцы капеччытæ не сфаг сты йæ фырты ахуырæн, æмæ йæ ацух кодтой. Æрмæст Аслæнбег ацы хъуыддагимæ не сразы, практикæмæ бацыд, «частная адвокатура» кæй хуыдтой, уырдæм, æмæ та цасдæр рæстæджы фæстæ фæстæмæ йæ ахуыр райдыдта. Уыцы рæстæг Бутайы-фыртæн фадат фæцис хорз куысты ныллæууынæн дæр. Райдыдта кусын Туркестаны зылды горæт Ашхабады империаг егъау типографийы разамонæгæй. Ацы ран райста фыццаг зонындзинæдтæ, мыхуыры оргæнтæн разамынд дæтгæйæ. Уæд сси редактор сæйраг регионалон газет «Закаспийское обозрение»-йæн.

Фыццаг уырыссаг революцийы фæстæ 1905 азы Аслæнбег æрыздæхт Дзæуджыхъæумæ. Йæ фыццаг нысан æмæ фæнд уыдис, мадæлон ирон æвзагыл газетæн бындур сæвæрын, æмæ йæ къухы бафтыд. Йæ фæрнджын хъуыддагæн ын фарсхæцджытæ дæр фæцис. Бутаты Аслæнбег Терчы облæсты хицауадмæ курдиат ныффыста, цæмæй йын бар раттаиккой газет «Фидиуæг» уадзынæн, фæлæ йæ фæндыл хицауад не сразы. Уæддæр Аслæнбег йæ равзæрст нысанмæ ныфсджынæй размæ цыдис, балæвæрдта та курдиат хицауадмæ, ацы хатт газет рухс федта 1906 азы 23 июлы. Редколлегийы уæнгтæ уыдысты: Гæдиаты Цомахъ, Æмбалты Цоцко, Гæздæнты Дзыбын, Кочынаты Сæбан, Хъаныхъуаты Алмахситт, Уыртаты Хъамболат. Сæ фыццаг æмбырды равзæрстой ном дæр – «Ирон газет». Редакторæй равзæрстой Аслæнбеджы æмæ бавнæлдтой сæ куыстмæ. Шуваловы типографийы мыхуыры фыццаг номыр куы рацыд, уæд уый канд редколлегийæн нæ, фæлæ мæгуыр æнахуыргонд ирон адæмæн дæр стыр цины хабар уыд. Газеты тематикæ алыхуызон уыд, æнæрхъуыдыйæ нæ баззад Хуссар Ирыстон дæр, фæзынд дзы Гæдиаты Цомахъы очерк «Хъуды ком». Очеркы автор йæ хъуыдыты равдыста, ома, канд хæхты рæсугъддзинадæй æфсæст нæ уыдзынæ, къæдзæхтæ дын къæбæр не ʻрæппардзысты, дуртæ та хæрынæн нæ бæззынц. Цы бамбарын ма хъуыдис, ацы ныхæстæй, Цомахъ мæгуыр адæмы уавæртыл кæй дзырдта, уымæн. Газеты тираж фылдæрæй-фылдæр кодта, йæ темæтæ та – цыргъæй-цыргъдæр. Чысыл рæстæджы фæстæ цензурæ бафиппайдта газеты уæнгты зæрдæйы ахаст хицауады ныхмæ, æмæ Бутайы-фырты æрцахстой, газет та 20 августы инæлар-губернаторы бардзырдмæ гæсгæ сæхгæдтой. Цы уыдис æмæ нæ уыдис, ахæм хахуыртæ йыл ныссихтой, дамбаца йæм кæй ссардтой, типографийы шрифт адавыны онг. Дыууæ мæйы слесты фæстæ Аслæнбеджы ахæстонæй рауагътой, азым æм кæй не ссардтой, уый тыххæй, фæлæ хъуамæ Терчы облæстæй ацыдаид. Паддзахы куы аппæрстой, уæд райдыдтой политикон змæстытæ дæр. Æрыздæхт та Аслæнбег Кавказмæ. Уыцы рæстæг фæзынд «Горская республика», йе скондмæ та хаст æрцыдысты Дагестан, Цæцæн, Мæхъхъæлы фæзуæттæ. Бутаты Аслæнбег ссис Хæххон дыккаг республикæйы хицауады архайджытæй иу. Граждайнаг хæст куы фæцис, уæд куыста алы бæрнон бынæтты, фæлæ та йæ 1920 азы йæ буржуазон-националистон ивгъуыды тыххæй хъыгдарын райдыдтой. 1928 азы йæ æрцасхстой, æмæ 1931 азы куы суæгъд, уæд йæ бинонтимæ Мæскуымæ цæрынмæ ацыд, фæлæ та йæ ам дæр æнцад-æнцойæ не ʻруагътой. НКВД-йы оргæнтæ йæ азымджын кодтой бирæ азты контрреволюцион æмæ шпионы куысты æмæ йæ 1939 азы фехстой. Бутаты Аслæнбегыл цыдис 63 азы.


Ирон газет
№ 1. Хуцаубон. Іулv 23 бон, 1906 аз. Дзæуджиqæу. № 1
Цæун байдvдта
„ИРОН ГАЗЕТ“
Дзæуджиqæуv ИРОН ÆВЗАГV.І.
«Ирон газет» у фvтдзаг газет ирон æвзагvл; уj æххуcкæндзæн, je бон
загvл, уæд махæн дæр нæ цард хуздæр кæндзæн.
Адæмтæ кæрæдзіі хабæрттæ, кæрæдзіі цардv'hæутæ ку зоной, кæрæдзіі хорадзæнæдтæ ку ахуркæной, уæд кæрæдзіі дæр тынгдæр бæмбарзvстv.

«Ирон газет»-ы номыртæй æдæппæтæй фарастæй фылдæр нæ рацыд, фæлæ уыдон дæр æгъгъæд уыдысты ирон адæмæн бамбарынæн, нæхи наци, мадæлон æвзаг æмæ культурæйы рæзтæн куыд тынг ахсджиаджы фæрæз уыд фыццаг ирон периодикон мыхуыр, уый. Æмæ кæд «Ирон газет» бирæ нæ ацард, уæддæр ахъаззаджы æххуыс фæцис фæстæдæр Ирыстоны ирон æвзагыл иунæг газет «Рæстдзинад»-æн æмæ нæ республикæйы журналистикæйæн бындур сæвæрынæн. «Рæстдзинад» ссис Ирыстоны сæйраг фидиуæг, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты дæр йæ куыстæй не ʻрлæууыд, фæлæ фронтмæ, тохы быдыры акъоппытæм дæр хæццæ кодта. Æстдæс ирон журналисты та хæстмæ ацыдысты.

Фыццаг «Ирон газет»-ы номыртæ абон æвæрд сты наукон институты, фæлæ бирæ азты размæ журнал «Мах дуг»-ы 2006 азы мыхуыргонд æрцыд, «Ирон газет»-ы тыххæй Аслæнбег фыццаг номыры кæй ныммыхуыр кодта, ахæм æрмæджытæй дыууæ, æмæ сæ уæ размæ хæссын, цымыдисаг уыдзысты. Уыимæ дзы иу æрмæджы бынмæ ис Аслæнбеджы псевдоним – **Ас-Бек.**

## Дзæуджыхъæу

Ирон газет рацыди... Фæндаграст! Бирæ æнхъæлмæ йæм фæкастыстæм... Æнцон хъуыддаг нæу, фæлæ уæддæр, нæ рæстæг цас уа, уыйас ыл архайдзыстæм, уымæн æмæ зонæм, адæмæн цардыхос кæй уыдзæн, уый.

Ахуыргонд адæмты ныр мах дæр чысылгай æййафын байдайдзыстæм. Мах адæм рагæй дарынц сæхи чиныгыл; нæ алыварс цы адæм и, уыдонæй махæй раздæр йæхи ахуырмæ ничи ратта. Скъолатæ нæм рагæй ис, ныр бирæ хъæу æнæ скъола нал и...

Дунетæ цы зонды фæндагыл цæуынц, уымæй хайджын ирон адæм кодтой сæ сывæллæтты, фæлæ дзы йæ адæм се ʻппæт хайджын нæ уыдысты, уымæн æмæ ирон æвзагыл чиныг арæх нæ цыд. Ирон газет уый хъуамæ баххæст кæна...

Лæджы ныхас дардмæ, стæй æппæт адæммæ нæ хъуысы, газеты фыст куы уа, уæд та æппæтмæ дæр хæццæ кæндзæн. Газет нæм алы адæм, алы бæстæ æрбахæстæг кæндзæн, цыма дунейы адæмтæ нæ фарсмæ цæрынц, уыйау сын зондзыстæм сæ царды æгъдæуттæ, сæ зонды фæндтæ. Нæ зонд дарддæр ивæздзæн, нæ хъус дарддæр хъусдзæн, нæ цæст дæр дарддæр уындзæн. Ноджыдæр ирон газет Цæгатæй Хуссармæ æмбисонды фæндаг суыдзæн. Ирон газет нæ адæмæн хъуамæ стыр скъола уа, чысылæй, стырæй, усæй, лæгæй, чиныджы чи зона æмæ нæ зона, уыдонæн се ʻппæтæн дæр. Ныры заманы уæлдай æхсызгон у газет. Уæрæсе йæ царды æгъдæуттæ ивынмæ хъавы, ног царды æгъдæуттæ дзы уыдзæни алы адæмæн дæр. Мах цыдæриддæр хъуамæ зонæм, цæттæ куыд уæм, афтæ хъуыды кæнæм, хуыздæр нын цы уыдзæн, цы хъуаг стæм, нæ низтæ, нæ сагъæстæ æргом куыд уой, афтæ. Алчидæр йæ уынаффæ, цы хуыздæр уыдзæн адæмæн, æрвитæд газетмæ, æмæ йæ фехъусдзысты ирон адæм иууылдæр. Ацы хъуыддаг рагæй кæнинаг уыд. Афонмæ ирон адæмæн сæ фылдæр ахуыргонды хуызæн æмбæрстаиккой алцы дæр, афон у мах адæмæн дæр рухсы цъыртт фенын, кæдмæ хилдзыстæм сау талынджы. Цæй, рæстмæ нын фæу, нæ Ирон газет! Хохы, быдыры фæрныджы хæдзарæн, мæгуыры къонайæн царды хос æй фæкæнæд Хуыцау!

## Зæххы хъуыддæгтæ (Думæйы уынаффæтæ)

Думæ куы ʻрбадти, уынаффæ кæнын куы байдыдта адæмы хъуыддæгты тыххæй, уæд депутаттæ æмхуызонæй сразы сты фыццаджыдæр зæххы хъуыддаг равзарыныл. Уый тыххæй, æмæ алырдыгæй адæмтæ сæ ист лæгты куы æрвыстой, уæд сын бафæдзæхстой: «Фыццаджыдæр нын зæхх... Сфæлмæцыдыстæм, нæ бон нал у æнæ зæххæй цæрын...» Бирæ фæныхас кодтой адæмы ист лæгтæ, бирæ фæфарстой кæрæдзийы, бирæ фæхъуыды кодтой æмæ фæстагмæ бауынаффæ кодтой: зæхх Уæрæсейы бирæ ис. Раст æгъдауыл æй байуар, уæд алкæй дæр йæ фаг фæуаид, уæд алчидæр йæхи дарынхъом уаид. Фæлæ рæстдзинад нæй. Иуæй-иутæм ис мингай дæсæтинтæ, иннæтæм гæбаз дæр нæй. Уымæ гæсгæ æмбæлы, загъта Думæ, зæхх иууылдæр байуарын, уый тыххæй æмæ уыдон зæххæй цæрынц, æмæ сын зæхх хъуамæ уа фаг. Думæ фæнд кодта, фыццаджыдæр къазнайы зæххытæ байуарын, уый фæстæ та, паддзахы мыггагмæ цы зæххытæ ис, уыдон, стæй уæрст хъуамæ æрцæуой аргъуантæ æмæ манастирты зæххытæ.

Кæй ранымадтам, уыцы зæххытæ тынг бирæ сты; сæ хицæуттæ сæ мæгуыр адæмæн стыр аргъыл æххуырсты дæттынц æмæ бонæй-бон хъæздыгдæр кæнынц, кусæг адæм та – мæгуырæй-мæгуырдæр. Фæлæ къазнайы, уделы æмæ аргъуанты зæххытæ уæрст куы ʻрцæуой, уæддæр мæгуыр адæмæн фаг нæ уыдзысты. Зæххæн йæ фылдæр æмæ дзæбæхдæр пъамесныктæм ис, æмæ, цалынмæ уыцы стыр быдыртæ æрдихтæ кæной, уалынмæ кусæг адæмæн зæхх фаг никуы уыдзæн. Думæ уыцы хъуыддæгтæм дæр æркаст æмæ афтæ уынаффæ кодта: пъамесныкты зæххытæн æвзæрст лæгтæ раст аргъ скæнæнт, æмæ сæ уыцы аргъæй къазна балхæнæд, стæй сæ байуарæд кусæг адæмæн. Уынаффæтæ кæронмæ нæ ахæццæ сты. Думæ фæнд кодта зæххы тыххæй ног закъон рауадзын, фæлæ хицæуттæ сæхгæдтой, уымæн æмæ йæ уынаффæтæ сæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты. Хъуыддæгтæ та, куыд уыдысты, афтæмæй æрхаудысты.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Рагон къамтæ дзурынц

# Кæд фæзынд Бруты скъола?

**Куыд зонæм, афтæмæй Къоста иудадзыг тыхстис ирон æмæ иннæ хохаг адæмты ʻхсæн ахуыры хъуыддаг нывыл сæвæрыныл. 1896 азы 5 майы «Северный Кавказы» рауагъта уац «Владикавказские письма». Уым афтæ зæгъы: «В Шанаевском один из жителей уступает свое здание для школы». Бруты (Санаты хъæуы) скъола æцæгдæр фæзынди уыцы аз. Уымæн æвдисæнтæ – дыууæ документы: «Ведомость об образовании, грамотности и «нравственности» во Владикавказском округе Терской области за 1898 г.» æмæ «Из отчета инспектора народных училищ района о количестве школ и учащихся в Северной Осетии ведомства министерства народного просвещения к 1-му января 1913 г.» Дыууæ документы дæр джиппы уагъд æрцыдысты, «Материалы по истории осетинского народа. Сборник документов по истории народного образования в Осетии», зæгъгæ, уыцы чиныджы (Орджоникидзе, 1942). Фыццаг документы фыстæуы, Санаты хъæуы скъолайы, дам, ахуыр кæны 44 лæппæйы («мужское сословие», 266-æм фарс). Дыккаджы амындæуы: Санаты хъæуы ис дыууæ скъолайы: «Шанаевское приходское» училище (год основания – 1896), ахуыр дзы кæны 20 лæппуйы; «Шанаевское неалдарское» (год основания – 1904), ахуыр дзы кæны 40 лæппуйы (284-æм фарс).**

**Бруты фыццаг скъола саразæг æмæ ахуыргæнæг уыди Санаты Хъамболат (1870-1920). Райдайæнты скъолайы уыд иунæг кълас. Фæстæдæр дзы сарæзтой авдазон скъола. Рæзгæ фæлтæры хъомыл кæнынæн сæ зонд, сæ хъарутæ æвгъау нæ кодтой Псхацъæты Диппу (директорæй фæкуыста дзæвгар) æмæ йæ бинойнаг Оля, Уылыбиаты Еленæ, Санаты Хæмæтхъан (уыди директор), Хабæты Ибри, Уардæсæуты Клавæ, Æлдаттаты Таймураз,**


САНАТЫ Хъасболат йæ мадыхоимæ. Гыццыл чызг чи у, уый нæ зонæм


Мæзджыты дуртæй арæзт скъола

**Майрæмыхъуаты Барис, Богъаты Зауырбег, Уыртаты Езетхан, Зина Свентидзе, Калоты Албег, Кучиты Мария, Кокайты Виктор, Хъаныхъуаты Руслан æмæ йæ бинойнаг Зарæ, Кодзырты Мæхæмæт, Фидараты Зинæ, Зæнджиаты Дуня, Уылыбиаты Энвер (уыдис директор дæр æмæ ахуыргæнæг дæр).**

**Æртынæм азты дин æмæ дингæнджыты ныхмæ тох куы стынг, уæд, бирæ рæтты куыд уыд, афтæ Бруты дæр мæзджыт фехæлдтой æмæ дзы скъола сарæзтой. Фæлæ йын бирæ цæрæнбон нæ уыди. 1942 азы немыц куы æрбаввахс сты, уæд æй нæхиуæттæ фехæлдтой. Ацы къам ист у хæсты агъоммæ. Уынут дзы мæзджыты дуртæй амад скъола.**

**«Рæстдзинады»-ы архивæй**

**Спортивон фидиуæг**



**Футбол**

# Рауадысты æмдых

**Ивгъуыд сабаты Уæрæсейы футболон чемпионаты дыккаг лигæйы, дивизион «Сыгъзæрин»-ы хъазæг командæтæ акодтой 6-æм туры фембæлдытæ.**



Дзæуджыхъæуы ФК «Алани» уыцы бон уазæгуаты фембæлд Пятигорскы командæ «Машук-КМВ»-имæ. Дзæуджыхъæуккæгты рæнхъыты хъазæн фæзмæ рацыдысты: №1 – Биазырты Давид, №4 – Хъæцмæзты Сослан (90’ – Касаты Сослан), №9 – Артем Закиров, №10 – Кобесты Давид, №75 – Огъуаты Сæрмæт, №7 – Гуырцъыты Батрадз (72’ – Кæркуысты Георги), №11 – Иван Матюшенко, №21 – Кодзырты Артур (72’ – Рæмонты Зауырбег), №19 – Бутаты Аллон, №2 – Гиоты Алан, №8 – Хуыгаты Алан.

Сæ фембæлды размæ дыууæ командæмæ дæр уыди фæйнæ 7 очкойы, фæлæ, «Алани» зынгæ фылдæр голтæ кæй бакъуырдта, уымæ гæсгæ турнирон таблицæйы цыди «Машук-КМВ»-йæ æртæ къæпхæны уæлдæр. Сæ фембæлды дæр та дыууæ командæйы рауадысты æмдых. Хъазты цыды пурти чысыл фылдæр уыди фысымтæм, фæлæ ацы фембæлды алайнæгтæ къæрцхъусæй фæлæууыдысты хъазты кæронмæ æмæ, кæд сæхицæн фысимты фидæрттæ басæттын нæ бантыст, уæддæр сæхи дуар дæр æнæ хъыгдардæй баззад. Фембæлд ахицæн 0:0 хыгъдæй, æмæ дыууæ командæйы дæр бакуыстой фæйнæ иу очкойы. «Алани» 8 очкоимæ, раздæрау, цæуы 3-аг бынаты æмæ, цæмæй уæлдæр схиза, уый тыххæй хъæудзæн нодҗы быңдурондæрæй бацархайын нæ хъазджыты гæнæнтæй спайда кæнынып.

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. Родина-2 | 6 | 4 | 2 | 0 | 9-3 | 14 |
| 2. Динамо-Брянск | 6 | 3 | 1 | 2 | 5-8 | 10 |
| **3. Алани** | **6** | **2** | **2** | **2** | **9-5** | **8** |
| 4. Сибирь | 6 | 2 | 2 | 2 | 8-9 | 8 |
| 5. Динамо Кр | 6 | 2 | 2 | 2 | 3-4 | 8 |
| 6. Машук-КМВ | 6 | 1 | 5 | 0 | 4-3 | 8 |
| 7. Динамо-Владивосток | 6 | 2 | 1 | 3 | 5-6 | 7 |
| 8. Сокол (Саратов) | 6 | 1 | 3 | 2 | 6-7 | 6 |
| 9. Волгарь | 6 | 1 | 3 | 2 | 5-6 | 6 |
| 10. Калуга | 6 | 0 | 3 | 3 | 2-5 | 3 |

«Алани»-йæ радон 7-æм туры фембæлд 29 августы акæндзæн уазæгуаты «Калуга»-имæ, йæхи фæзы та 5 сентябры фембæлдзæн Владивосточы командæ «Динамо»-имæ.

6-æм туры командæты фембæлдтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: «Волгарь» – «Родина-2» – 0:1, «Динамо» (Киров) – «Динамо» (Владивосток) – 1:2, «Калуга» – «Динамо» (Брянск) – 0:1, «Сокол» – «Сибирь» – 2:2, «Машук-КМВ» – «Алани» – 0:0.

**Хъæбысхæст**

# Нæ богæлттæм – дыууæ хæрзиуæджы

**Словакийы сæйраг горæт Братиславайы спортивон хъæбысхæсты æртæ хуызæй: грекъаг-ромаг, сылгоймæгты æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй цыдысты дунейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ фæсивæды (20 азы онг) ’хсæн.**

Уæрæсейы уæгъдибар хъæбысхæсты иугонд командæйы уыдысты ирыстойнаг æртæ богалы: 92 кг – Тогойты Артур, 97 кг – Санахъоты Радион æмæ 125 кг – Гæбуты Сослан.

Ерыстæ цы дæс уæзы цыдысты, уым Уæрæсейы богæлттæн бантыст авд хæрзиуæджы рамбулын, æмæ командæты ’хсæн бацахстой 2-аг бынат, АИШ-ы командæйы фæстæ.

Уæрæсейаг богæлттæ 1-аг бынæттæ бацахстой дыууæ уæзы. Сыгъзæрин майдантæй хорзæхджын систы: 57 кг онг уæзы – Магомед Магомедов, 79 кг та – Исмаил Ханиев.

Дыууæ сыгъзæрин хæрзиуæгæй уæлдай, Уæрæсейы богæлттæ рамбылдтой дыууæ æвзист æмæ æртæ бронзæ майданты. Æвзист майдантæй иу, 86 кг онг уæзы хæцгæйæ, рамбылдта Ахмад Мукутов, дыккаг æвзист майданæй та хорзæхджын ссис Наниты Зурабы хъомылгæнинаг Санахъоты Радион. Уый, 97 кг онг уæзы хæцгæйæ, фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд АИШ-ы минæвар Майкл Бойлимæ. Ацы фембæлды размæ Радион цыппар тыхджын ныхмæлæууæгыл фæуæлахиз, æмæ уый йæ иузæрдион фарсхæцджытæн ныфс лæвæрдта, кæронбæттæны дæр кæй нæ фæкъуылымпы уыдзæн, уымæй. Хъыгагæн, йæ фæстаг фембæлд нал фæрæстмæ Радионæн. Иуфарсæй кæсгæйæ, цыма, йæ къух цыдæр кодта, афтæ зынд, æмæ йæ архайд, раздæрау, нал рауад. Радион фæхæрд 2-12 хыгъдæй, фæлæ, 2-аг бынат кæй бацахста, уый ныфс дæтты, йæ гæнæнтæ стыр кæй сты æмæ йын фидæны фылдæр кæй бантысдзæн.



САНАХЪОТЫ Радион



ГÆБУТЫ Сослан

Уæззау уæзы (125 кг онг) 3-аг бынат бацахсын бантыст Гæбуты Сосланæн. Уый фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл, фæлæ ерысты 1/4 хайы иу чысыл фæкъуылымпы, æмæ йын уый фадат нал ратта кæронбæттæнмæ рацæуынæн. 3-аг бынат рамбулыныл æнæкъуылымпыйæ рамбылдта Хачик Хайкуянимæ (Сомихы Республикæ) фембæлд 9:3 хыгъдæй æмæ хорзæхджын ссис бронзæ майданæй.

Уæрæсейаг богæлттæй ма бронзæ майдантæ рамбылдтой: 61 кг – Зелимхан Чаниев æмæ 65 кг – Зелимхан Умаров.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Æвзæрстыты агъоммæ**

# Ахуырадон семинар



**Æрыдоны ацыд ахуырадон семинар æхсæнадон цæстдарджытæн (æвзæрстытæ цæмæй æнæхинæй ацæуой, ацы адæм уымæн кæй ахъаз кæнынц, уый нымайгæйæ, ахуырадмæ аздæхтой уæлдай стырдæр æргом).**

Ахуырад амыдта Цæгат Ирыстоны Æхсæнадон палатæйы уæнг, паддзахад æмæ барады теорийы профессор Чеджемты Сергей. Дзыллон мадзал ацыд интерактивон ныхасы уагæй. Æвзарæн хайæдты сæвзæрæн кæмæн ис, Чеджемы-фырт ахуырады архайджытимæ ахæм уавæртыл æрныхас кодта. Лектор цæстдарджытæн бафæдзæхста цырддзаст уæвын æмæ закъон биноныг æххæст кæнын.

– Цæстдарæгмæ æхсæнады раз хауы стыр бæрнондзинад. Адæм æвзæрстыты бæрæггæнæнтыл бауæнддзысты æви нæ, уый аразгæ у æхсæнадон цæстдарджыты профессион цæттæдзинадæй. Нæ хæс у закъæттимæ æвзарджыты базонгæ кæнын, стæй, æвзарджытæ цæмæй ныфсхастæй архайой, уыыл сæ сахуыр кæнын, цыфæнды дзырддаг фарста барадон уагæй, сабырæй лыггонд куыд æрцæуа, афтæ, – загъта Чеджемы-фырт.

Семинары архайджытæн уыд æппæт сæвзæрæг сæм фæрстытæ экспертæн раттыны фадат.

**Æрыдоны администрацийы пресс-службæ**

# Арфæ
## Уыртаты Розæ æмæ Мырыкаты Петяйæн



*Нæ зынаргъ хистæртæ, Уыртаты Розæ æмæ Мырыкаты Петя!*

*Арфæ уын кæнæм уæ иумæйаг царды 50 азы бонæн! Амондджын æмæ нын рæсугъдæй бæрæг кæнут уæ барæгбæттæ! Сымах, кæрæдзийы ’мбаргæйæ, иумæйагæй царды уарзонæй фæцардыстут 50 азы. Махæн, уæ кæстæртæн дæр, уый у стыр æхсызгондзинад æмæ амонд. Нæ зæрдæ уын зæгъы æнæниздзинад, бирæ азты цæрæнбон! Царды хæрзтæй бафсæдут, уæ кæстæрты цинтæй райгæ ут!*

*Хуыцау уын сывæллæттæ нæ ратта, уæ домбайдзинад æмæ хъарм ахаст лæвæрдтат махæн, кæстæртæн. Нæ мад Уыртаты Григорийы чызг Еленæ-иу афтæ дзырдта: «Сымах мæ хотæ схастой, æмæ сæ макуы ферох кæнут!»*

*Бирæ азты æнæнизæй, зæрдæрухсæй, дзæбæхæй цæрут!*

*Ацы зæрдиаг арфæтæ уын кæнынц ДУЛАТЫ Хъасай æмæ УЫРТАТЫ Еленæйы цот: Чермен, Соня, Бэла, Эльма, Фатимæ æмæ сæ кæстæртæ: Давид, Каринæ, Тимур, Фатимæ æмæ Иринæ*

**Акци**

# Бæрæгбоны кадæн



**Уæрæсейы Паддзахадон Тырысайы боны кадæн Алагиры центрон парчы ацыд æппæтуæрæсеон акци «Райгуырæн бæстæйы хуызтæ».**

Дзыллон мадзалы архайджытæй иу уыд Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады Æхсæнадон советы уæнг Ханайты Таймураз.

«Фыццæгты змæлд»-ы бынæттон хайад, Фæсивæды хъуыддæгты комитет æмæ проект «Сабидуджы фæндагамонджытæ»-йы минæвæрттæ фадæттæ кæмæн сарæзтой, уыцы акцийы архайджытæ адæмæн, уæрæсейаг тырысатæ сын ратгæйæ, радзырдтой паддзахадон бæрæгбоны сæвзæрды тыххæй хабæрттæ. Алагирæгтæн кæй бацæттæ кодтой, уыцы викторинæйы архайджытæ Паддзахадон тырысайы хуызты ахадындзинад æмæ бæрæгбоны историйы тыххæй фæрстытæн дзуаппытæ лæвæрдтой.

– Чи нæ иу кæны æмæ нын нæ иумæйаг æнтыстдзинæдты тыххæй хабæрттæ нæ зæрдыл чи ’рлæууын кæны, Паддзахадон тырыса у ахæм æвдисæндар. Алы адæймаджы хæс у хи бæстæйы æвдисæндартæн кад кæнын, – загъта Ханайы-фырт.

Акцийы хæс у дзыллæты патриотон хъомыладæн ахъаз кæнын.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ, Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

**Цæстдард**

# Æхца йын бафыстой

**Мæздæджы районы прокуратурæ ’хцайы иурæстæгон фиддон нæ райсыны фарстайы фæдыл сæрмагонд æфсæддон операцийы архайæг нæлгоймаджы хъаст равзæрста.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй сæрмагонд операцийы архайæгмæ сæвзæрд 100 мин сомы бæрц иурæстæгон муниципалон фиддон райсыны бар. Фæлæ закъонхалджытæ нæлгоймагæн ацы ’хца бафидыныл кæй не сразы сты, уый нымайгæйæ, прокуратурæ тæрхондонмæ барвыста нæлгоймагæн æхцайы иурæстæгон фиддон бафидыныл бафтауыны тыххæй курдиат.

Тæрхондон прокуратурæйы хъасты домæн сæххæст кодта.

Цæстдарæг ведомствæйы архайды фæрцы нæлгоймагæн æхцайы æмбæлгæ фæрæзтæ ’ххæстæй бафыстой.

# Тæрхон рахастой

**Уголовон кодексы 105-æм статьяйы 1-æм хайы («Адæймаджы амарын») амынд фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, Æрыдоны районы прокуратурæ уыцы 29-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.**

Тæрхонгæнджытæ куыд бавдыстой, афтæмæй, тæрхон кæмæн скодтой, фарон февралы Æрыдоны хæдтулгæты техникон иртæсты бынаты фæзуатыл ахæм æмæ хъыгдардбаййафæг нæлгоймæгты ’хсæн рауад хъаугъа. Хылы рæстæг фыдракæндсаразæг нæлгоймаг йæ ныхмæлæууæг адæймаджы æппынкъаддæр фондз хатты дамбацайæ фехста. Хъыгдардбаййафæг нæлгоймаг нæмыгдзæфтæй рынчындоны амард.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон фыдракæнд саразынæй аххосджын адæймагæн рахаста 9,5 азы дæргъы карз фæткы ахæстоны фæбадыны тæрхон.

**Прокуратурæйы пресс-службæ**


**РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**


Æппæтдунеон змæлд «Аланты Ныхас»-ы Сылгоймæгты комитеты уæнгтæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц комитеты сæрдар Махъоты Тазейы чызг Иринæ æмæ Дойаты Батрадзы фырт Аланæн,

**ДОЙАТЫ**
**Данилы фырт Батрадз**

кæй амард, уый фæдыл.

Зиан рахæсдзысты 25 августы Елхоты, Кировы уынджы 137-æм хæдзарæй.


Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2408. Заказ № 921. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**